

Yon prensip pwodiktivite Direksyon



“Yonfwa Seyè a ap dirije pa nou, sa nou bezwen eseye konprann chak bagay ki rive nan vi nou?” Pwovèb 20:24

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Direksyon se premyèman pou moun ki vle ale yon kote. Nou tout gen pou nou rive yon kote, kèk nan nou san yo pa konnen epi lòt selon yon estrateji planifye. Detoutfason nou dwe mande tèt nou: Eske Bondye ap dirije pa nou, oswa nou sou wout pa nou? Kesyon se: kijan pou nou konnen si Bondye ap dirije pa nou? Premyèman, nou dwe onèt ak tèt nou epi fè sa nou konnen nou dwe fè. Yon kè ki onèt toujou ap cheche epi reponn bay laverite. onètete sa a nan kè nou kreye yon environnman kote Bondye kapab enfluyans nou atravè konsyans nou oswa zanmi k ap mache avèk li.

Genyen twa (3) avantaj nou jwenn lè nou pèmèt Bondye dirije pa nou:

1. Yon mach pozitif: Etap Bondye òganize yo garanti paske Li se chemen an.
2. Yon chemen lafwa: nou pa genyen pou nou konprann tout bagay paske nou konnen lafen nou.
3. Yon mach nan kontantman: nou konnen kibò nou prale e kisa n ap fè.

Li fasil pou mache ak Bondye si nou konnen Li ap dirije pa nou. Mache ak Bondye se lè n ap fè bagay nou konnen k ap fè Li plezi. Nou pa bezwen konprann toutsa k ap pase, men nou dwe toujou fè sa nou konnen ki bon. Fè sa k pabon touye lafwa nou epi rann nou koupab. Kilpabilite va detwi non sèlman biznis nou men lavi nou tou, paske nou pèdi direksyon epi nou doute tèt nou. Li fè nou kouri lè nou wè pwoblèm epitou vin tounen yon

wout pou nou. Men lè nou fè sa ki bon nou santi nou byen devan pwòp tèt ak devan Bondye. Nou santi nou lib epi san lawont ni laperèz pou pèsonn nou va kontre sou wout nou, paske “Moun ki jis entrepid tankou yon lyon.” Se pa tou sa n a fè ki va fonksyone men nou konnen lè nou fè sa ki bon epi lè nou mache nan chemen Bondye trase nou va ranpòte laviktwa alafen. Paske nou konnen nou va triyonfe, nou pa dekouraje. Si nou kontinye mache nan chemen Li, pandan nou rete krè epi eseye fè sa ki bon, siman nou va reyalize objektif nou.

Li difisil pou nou aksepte obeyi yon moun nou pa konnen oswa ki pa genyen antesedan. Men plis nou aprann konnen Bondye ak fason li, plis nou va krè nan direksyon l va bannou, paske le genyen antesedan nan dirije moun epi fè ewo ki genyen konba lavi a. li toujou enpòtan pou n eseye konprann poukisa bagay yo jan yo ye a. men tou genyen demoman kote nou dwe mete konfyans nou nan Bondye epi kontinye wout nou. Menmsi nou pa konprann toutbagay, nou kapab mache ak lafwa pandan yon tan.

Se sèlman bagay k ap bouje ki bezwen direksyon. Si nou pa krè Bondye ap dirije nou, nou bezwen reyevalye aksyon nou ak entansyon nou paske lafwa vini lè nou koute pou nou wè ki verite k ap pale ak kè nou. Si kè nou kondane nou, se paske nou konnen n ap fè yon bagay nou pa dwe fè. Lè Bondye ap pale ak kè nou, nou dwe koute l—sa va detèmine nivo konfyans nou genyen nan Li. Li genyen anpil bagay pou nou, tankou lavi, libète ak pwosperite, si nou kite l dirije pa nou.

Pratike fè sa w konnen ki bon pandan yon semenn. Ou va sezi santi kijan Bondye ap dirije pa w, epi w p ap ensiste pou konprann tout bagay—paske Seyè a dirije pa Pa aksepte direksyon Bondye se tankou w t a di w pi entelijan pase l. Se sèlman moun ki fou ki di, “Pa genyen Bondye.”

Prensip sa se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Ou pa vin grannèg lè se yon move pwofesè k ap anseye w.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete